

# Fòmasyon pwofesyonèl ak teknik, yon michan levye pou devlopman ekonomik peyi Ayiti

Samuel Pierre

**P**andan dènye dizan ki sòt pase yo, anpil investisman te fèt nan sektè fòmasyon pwofesyonèl ak teknik, sitou avèk lajan òganiyasyon entènasyonal yo. Kwak sa, nou konstate, se pa pi devlope sektè sa a rive devlope pase sa, jouk pou li ta rive fè peyi a benefisye yon mendèv ki ta gen kalifikasyon ak eksperyans kòdyòm pou devlopman peyi a. Ki pi rès, peyi a plen sitiwayon ak okazyon ki ka bay opòtinite pou sa: yon foulitid jèn apre etid segondè yo, tèt yo prèt pou pati, nan chache etablisman nivo siperyè pou resevwa yo, latriye antrepriz nan peyi a, nan plizyè sektè, al chache teknisyen kalifye, ki soti aletranje pou yo vin okipe bonkou pòs, dal lekòl ansanm ak sant fòmasyon ki, atout yo estriktire epi espesyalize, pa rive mete nan travay makòn powomosyon etidyan yo fin prepare, yon Enstiti Nasyonal Fòmasyon Pwofesyonèl-ENFP ki manke mwayen pou li jwe wòl li kòm sadwa pou li reglemante sektè a, epitou yon sekretarya Leta pou fòmasyon pwofesyonèl ki pa menm ka rive tabli estrateji ak plan pou oryante operasyon sektè a, epi mete lavi ak nouvote nan sektè a.

Pi gwo tètchaje a sòti nan mank koneksyon dirèkteman dirèk ant bezwen mache travay ayisyen an, epi modèl pwogram fòmasyon etablisman nivo siperyè yo founi . Kijan pou nou soti anba yon kalite sitiwayon konsa?

Lè nou analize sistèm edikasyon ayisyen an, nou wè klèman kijan responsab alatèt peyi a pa vrèman bay fòmasyon pwofesyonèl valè li merite, alòske se yomenm ki dwe mete mwayen nesese pou sistèm nan fonksyone. Se menm jan an tou gwo antrepriz yo pa fè okenn efò pou fè moun konnen sa yo bezwen kòm konpetans epi mendèv pou yo enfluyans fason etablisman ki nan sektè ki konsène yo ap bay fòmasyon.

Nan plizyè peyi tankou Almay, Bèljik, Kanada ak Lasuis, sosyete a, sektè Leta a, ansanm ak sektè prive a, yo tout soutni, epi yo bay fòmasyon pwofesyonèl ak teknik anpil valè. Konsa, yon dal jèn nan peyi sa yo chwazi fòmasyon pwofesyonèl ak teknik, non pa paske inivèsite pa te aksepte yo, men pito, kòm premye chwa priyorite yo

pou aspirasyon ak objektif yo. Yon fwa diplòm yo anba bra yo, jèn sa yo vin tounen pate cho sou mache travay la, ki ap ofri yo bon djòb byen peye, ki pèmèt yo viv lavi yo alèz. Sistèm lekòl peyi sa yo fè plas pou diplome nan sektè pwofesyonèl ak teknik yo jwenn mwayen pou yo rapousuiv etid yo nan inivèsite, si yo vle, epitou dapre sa antrepriz peyi sa yo bezwen kòm mendèv.

Nan peyi Ayiti se yon sitiwayon malouk nèt nou konstate. Fanmi yo pa vrèman valorize fòmasyon pwofesyonèl ak teknik ase, se tankou yo gen mepri pou konsèp la. Ezanp frapan an, se pil ak pakèt enjenyè ki fòme nan plizyè disiplin sèlman pou yo trase plan, alòske nanpwen kad entèmedyè ki byen fòme, oswa ki gen bon eksperyans pou yo ekzekite plan sila yo.

Menm twouvid sa a, ki nan domèn konstriksyon an , se limenm tou nou jwenn nan domèn mekanik machin, mekanik epi elektrosite pou gwo kay, klimatizasyon ak èkondisyone, elektwonik, epi teknoloji biyomedikal, sa yo se kèk pami divès lòt ekzanp. Vle pa vle, ayiti gen demann epi bezwen serye pou li fòme kad entèmedyè byen prepare pou yo ka ekzekite travay teknik pwofesyonèlman, dapre kritè ak nòm wodpòte. Epoutan, se pa zafè talan ki manke nan peyi a. Apre yo te fin resevwa kèk peryòd pèfeksyonman nan peyi kote yo vin ap viv la, anpil jèn ayisyen nou yo ki ale nan peyi etranje, te rive fè plis pase sa yo te konprann yo kab fè nan yon seri metye bonkou nan yo te aprann sou tè Ayiti menm. Sa nou bezwen nan peyi Ayiti, se pou sektè biznis lan epi Leta pran konsyans sou enpòtans bezwen antrepriz yo genyen pou yo jwenn anplwaye konpetan makònen ak pwogram fòmasyon etablisman lekòl yo ofri pou sektè sa a. Konsyans sa a ap mennen yo tout ansanm arebò yon menm tab pou yo planifye epi remanbre bezwen reyèl mache a ak pwogram fòmasyon etablisman sa yo ap ofri. Ositou, fòk genyen anpil pwogram estaj tribòbabò sou mache travay la pou etidyan ki ap resevwa fòmasyon pwofesyonèl ak teknik yo ka fè eksperyans konkrè ki apwopriye. Bò kote pa li, nan pwogram estaj sa yo, Leta ta ka jwe yon wòl kote li bay antrepriz ki patisipe nan akeyi etidyan yo kèk abri fiskal oubyen kèk avantaj finansye.

Devlopman ekonomik yon peyi santre sou kapasite peyi sa a genyen pou li fòme mendèv li bezwen pou li koresponn ak demann antrepriz yo nan sosyete a. Bonkou moun ak diplòm epi fòmasyon pwofesyonèl ak teknik yo anba bra yo pa rive jwenn travay. Kareman, dekourajaman anpare sila yo ki ap fè renka pou yo al fè etid nan sektè sa a, se sa tou ki lakòz mank teknisyen kalifye yo pou antrepriz


yo epi pou devlopman peyi a ki vin gravman pi grav. Egal, li lè, li tan pou rasanbleman tout aktè sa yo – Ministè Edikasyon Nasyonal ak Fòmasyon Pwofesyonèl, Enstiti Nasyonal Fòmasyon Pwofesyonèl, etablisman lekòl yo, mete ak sektè biznis la – se moman pou yo tout mete jefò yo ansanm pou yo bati michan levye sa a fòmasyon pwofesyonèl ak teknik pou devlopman peyi a. ■



Institut des Sciences des technologies  
et des Études Avancées d'Haïti



<http://www.haitisynthese.org>



#### Déposer

SYNTHÈSE est une Bibliothèque numérique où l'on peut déposer et consulter des mémoires, des thèses et des documents scientifiques relatifs à Haïti. Son objectif est de rendre disponibles des connaissances scientifiques sur Haïti dans tous les champs de savoir.

#### Rechercher

SYNTHÈSE permet la recherche d'informations et de documents selon plusieurs critères qui sont mis à la disposition des utilisateurs. Pour chaque document déposé, un contrôle de conformité est exercé par le gestionnaire du système afin de s'assurer de la qualité et de l'intégrité de ce document. Seuls les documents jugés conformes sont rendus disponibles aux utilisateurs.

## Communautés dans SYNTHÈSE